

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* mangrupa salasahiji roman karya pangarang Sunda anu kakoncara nyaéta Joehana. Ieu roman medal mimiti pisan (citakan kahiji) nyaéta dina taun 1928 ku *Boekhandel & Drukkerij* “Dachlan Bakti” (toko buku jeung kantor citak anu gedé dina taun 1920-1930-an di Bandung). Citakan kadua dimedalkeun ku Girimukti Pasaka di Jakarta dina taun 1991. Citakan katilu dimedalkeun ku Penerbit Cupumanik di Bandung dina taun 2009. Citakan kahiji édisi Kiblat Buku Utama nyaéta taun 2021. Nilik kana mindengna ieu buku dicitak sanajan umur tulisanana geus salapan puluh lima taun (rék nincak saabad) nandakeun yén ieu carita roman masih bisa éksis dina jaman kiwari tur masih dipikaresep ku pamaca karya sastra Sunda.

Roman mangrupa karangan prosa anu ngalukiskeun tingkah laku tokoh nurutkeun watek jeung eusi jiwana séwang-séwangan (Tim Redaksi Kamus Bahasa Indonesia, 2008, 1314). Ieu hal bisa jadi salasahiji alesan karya sastra roman dipikaresep ku pamaca sabab nyaritakeun sacara imaji ngeunaan watek manusa dina caritaan panjang tur nyieun panasaran nu maca ngeunaan ahir caritana. Karya sastra roman nyaritakeun kahirupan sapopoé hiji jalma atawa kulawarga ngeunaan kahirupan lahir jeung batinna anu dicaritakeun sacara wincik jeung jéntré ngeunaan sagala kaayan suka jeung dukana sarta biasana tokoh dicaritakeun ti budak nepi ka déwasa atawa nepi ka maotna (Toyidin, 2013, kc. 204-205). Patalina roman jeung istilah novél nyaéta roman jeung novél mangrupa karya sastra wangun prosa anu ditulis dina caritaan atawa narasi anu panjang. Jakob Sumardjo (1981, kc. 12) nétélakeun yén istilah roman nyaéta istilah novél pikeun jaman saacan Perang Dunia II di Indonesia.

Dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana, aya sababaraha konflik psikologis anu kaalaman ku tokoh utama dina milampah kahirupanana. Konflik téh nyaéta henteu luyuna hal anu diharepkeun ku hiji jalma ka dirina sorangan, jalma lian, atawa organisasi, jeung kanyataan anu kajadian (Muspawi, 2014, kc. 46). Kisah cinta Endén Hadijah nu ngarandapan masalah

nyaéta dipaksa kawin ka jelema nu henteu dipibogoh sarta rupaning masalah lianna nepi ka manéhna maéhan manéh téh tangtuna ngalaman henteu luyuna harepan jeung kanyataan hirupna. Pikeun medar éta hal, tangtu diperlukeun pamarekan panalungtikan anu patali jeung psikologi. Ieu roman mangrupa roman anu ngirut pikeun ditalungtik ngeunaan palaku utamana ku élmu psikologi sastra, lantaran ngagambarkeun tokoh atawa palaku anu keur nyanghareupan masalah anu daria. Endén Hadijah miboga kahayang pikeun nuluykeun sakolana ka MULO sangkan leuwih luhung élmu jembar pangabisa pikeun nyanghareupan kahirupan. Tapi, ibu ramana henteu satuju tur nitah kudu gancang-gancang boga salaki. Sanajan kitu, Endén Hadijah keukeuh hayang nuluykeun sakolana anu ahirna dibiayaan ku Radén Haji Saléh. Kapribadian tokoh anu digambarkeun ku pangarang ngawujud sipat manusa anu hirup dina karya sastra. Éta hal mangrupa eunteung tina kahirupan manusa.

Pamarekan psikologi sastra nyaéta pamarekan anu ngaguar karya sastra ku cara ngagambarkeun prosés jeung aktivitas kajiwaan (Minderop, 2018, kc. 54). Psikologi mangrupa disiplin élmu anu nalangtik manusa dina sagala paripolah salaku objék, sedengkeun sastra nilik kana manusa salaku sumber caritaanana (Nurlaela, 2021, kc. 4). Kaayaan psikologi tokoh-tokoh dina karya sastra salasahijina dina sastra roman téh bisa kapanggih tina kapribadianana nyaéta kapribadian jalma nu miboga kahayang jeung harepan.

Kapribadian unggal jalma téh béda-béda. Paripolah hiji jalma nangtukeun manusa dina ngahontal jeung nyumponan udagan kahirupanana. Ku kituna, manusa salaku mahluk sosial téh miboga rasa, pamikiran, jeung rupa-rupa udagan séwang-séwangan sarta nyaho cara ngajalin sosialisasi atawa campur gaul dina hirup kumbuh masarakat. Manusa bakal tuluy usaha dina nyumponan kahayang jeung harepanana sarta ngaéksprésikeun poténsina nu tangtuna bakal aya waé hahalang dina prosés ngahontalna (Minderop, 2018, kc. 49). Upama kitu, tangtuna dina ngahontal udagan téh aya hasil anu hadé jeung aya ogé hasil anu goréng. Éta kaayaan téh bisa nyieun manusa ngalaman masalah kajiwaan nepi ka bisa nyieun tingkah laku anu goréng. Ku kituna, kahayang jeung harepan manusa téh dilarapkeunna ngaliwatan tingkah polah pikeun nyumponan pangabutuh hirupna. Kaayaan kawas kitu mangrupa ciri tina psikologi kapribadian humanistik.

Abraham H. Maslow (1993, kc. 43-57) nétélakeun yén tingkah laku manusa ditangtukeun ku kahayangna pikeun ngahontal udagan sangkan kahirupanana bisa leuwih bagja tur sugema nu kasusun kana lima undakan pangabutuh pokok manusa, nyaéta 1) pangabutuh fisiologis mangrupa pangabutuh anu jelas kana pangan, cai, udara, saré, jeung séks; 2) pangabutuh kana rasa aman nyaéta pangabutuh kana jaminan, stabilitas, *perlindungan*, *ketertiban*, bebas tina rasa sieun jeung guligah; 3) pangabutuh kana cinta (mibanda-dipibanda); 4) pangabutuh harga diri (pangajén) nu asalna ti jalma lian jeung diri pribadi; sarta 5) aktualisasi diri nu bisa didéfinisikeun salaku kamekaran anu pangluhurna sarta ngagunakeun sakabéh poténsi manusa pikeun nyumponan sakabéh kualitas jeung kapasitas dirina. Ieu téori dipilih lantaran luyu jeung tokoh utama nyaéta Endén Hadijah dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana anu miboga kahayang, harepan, atawa motivasi pikeun nyumponan pangabutuh hirupna sanajan loba hahalang nepi ka maéhan manéh.

Tokoh utama anu ngalaman konflik psikologis téh mangrupa bagéan tina unsur carita nu ngawangun carita roman. Pikeun maluruh unsur carita sacara gembleng, mangka kudu ngagunakeun pamarekan struktural. Struktural atawa strukturalisme asal kecap tina “struktur” anu hartina nyaéta ayana hubungan antara unsur-unsur pangwangun hiji hal. Téori srukturalisme sastra mangrupa hiji téori pamarekan kana téks-téks sastra anu nandeskeun sacara gembleng ngeunaan rélasi antara rupaning unsur téks (Suarta & Dwipayana, 2014, kc. 39). Pamarekan struktural didasaran tina asumsi dasar yén karya sastra salaku karya kréatif miboga otonomi nu kudu ditilik salaku hiji hal anu mandeg mandiri, leupas tina hal-hal lian nu aya di saluareunana (Semi, 2021, kc. 84). Jadi, nu kudu dikaji jeung ditalungtik téh nyaéta aspék atawa unsur pangwangunna.

Roman mangrupa salasahiji jenis atawa warna sastra nu kaaasup kana carita fiksi. Dumasar kana tiori Robert Stanton (2012, kc. 22-71), unsur pangwangun fiksi prosa (kaasup roman) dibagi jadi tilu bagéan nyaéta 1) fakta carita nu diwangun ku karakter/tokoh, galur, jeung latar; 2) téma; sarta 3) sarana sastra nu diwangun ku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Aya ogé tiori anu béda ngeunaan unsur intrinsik pangwangun prosa nyaéta tiori Darmawati (2018, kc. 12) anu nétélakeun yén unsur utama pangwangun prosa nyaéta téma, panokohan, galur, latar, puseur

implengan, jeung amanat. Dina ieu panalungtikan, tiori nu digunakeun pikeun ngaguar unsur pangwangun roman nyaéta tiori Robert Stanton lantaran leuwih lengkep unsur-unsur caritana.

Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun unsur struktural anu ngawangun carita roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana, ngaliwatan pamarekan struktural nyaéta ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton. Lian ti éta, tangtuna ogé ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun kaayaan psikologi tokoh nu aya dina ieu roman ngaliwatan pamarekan psikologi sastra nyaéta ngagunakeun tiori psikologi kapribadian humanistik Abraham Maslow.

Ieu panalungtikan téh lain anu munggaran. Aya sawatara panalungtikan anu kungsi dilakukeun tur ngulik perkara struktur roman jeung psikologi humanistik. Kahiji, “*Analisis Psikologis Kepribadian Humanistik Tokoh Utama Novel Anak Rantau Karya Ahmad Fuadi dan Kelayakannya Sebagai Bahan Ajar Sastra di SMA*” anu ditulis ku Deni Cahyo Aji (2019) anu hasilna nyaéta tokoh utama didominasi ku kapribadian séhat (*metaneeds*). Kadua, “*Motivasi Psikologi Humanistik Palaku Utama dina Kumpulan Carita Pondok Jeruk Karya Lugiena De’*: Ulikan Psikologi Sastra” anu ditulis ku Dani Wardani (2019), anu hasilna nyaéta sakumna palaku nu aya dina carpon *Jeruk* némbongkeun ayana motivasi dina nyumponan pangabutuh hirupna.

Katilu, *Konflik Batin Tokoh Utama dina Novel Panganten Karya Deden Abdul Aziz (Ulikan Struktural jeung Psikologi Kapribadian Humanistik* anu ditulis ku Ane Ainun Nurlaela (2021), anu hasilna nyaéta Struktur carita dina ieu novél téh nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra sarta tokoh utama didominasi ku pangabutuh kana rasa cinta dina nyumponan pangabutuh hirupna. Kaopat, *Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama “Tukang Asahan” Karya Wahyu Wibisana* anu ditulis ku Salma Fakhira (2021), anu hasilna nyaéta struktur carita jeung struktur naskah dina éta drama téh lengkep sarta dina sakabéh tokoh, ngan hiji tokoh anu ngahontal aktualisasi diri atawa nincak kana pangabutuh pangluhurna nyaéta mahasiswa. Kalima, *Konflik Palaku Utama dina Novel Mikung Karya Abdullah Mustappa* anu ditulis ku Khairunnisa Imtihan Dianti (2022), anu hasilna nyaéta struktur nu aya dina ieu novel téh lengkep ku ayana téma, fakta carita, jeung

sarana sastra sarta tokoh utama didominasi ku pangabutuh fisiologis sedengkeun pangabutuh séjénna kurang kacumponan.

Dumasar panalungtikan saméméhna, panalungtikan ngeunaan struktural jeung psikologi kapribadian humanistik téh kawilang loba. Sasaruaan panalungtikan ieu jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina pamarekan nu digunakeun nyaéta struktural jeung psikologi sastra. Sedengkeun bédana nyaéta dina objék anu ditalungtikna. Objék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana. Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho struktur carita jeung psikologi humanistik tokoh utama nu aya dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan pangabutuh dasar manusa anu kudu dicumponan saacan pangabutuh séjénna, nyaho kana naon anu jadi kasang tukang tina mucunghulna pasualan-pasualan nu karandapan ku manusa, sarta ieu hasil panalungtikan dipiharep ogé bisa jadi bahan atikan ngeunaan kahirupan manusa pikeun guru anu diajarkeun ka siswana ngaliwatan pangajaran novél. Ku kituna, ieu panalungtikan anu dibéré judul “*Roman Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Saméméh nangtukeun rumusan masalah pikeun dipaluruh tur dipedar dina ieu panalungtikan, perlu diidéntifikasi heula masalah anu bakal jadi dasar panalungtikan salaku watesan masalah. Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar di luhur nyaéta,

- 1) roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* mangrupa karya sastra wangun prosa anu diwangun ku unsur-unsur nyaéta struktur carita nu aya dina éta karya;
- 2) tokoh utama dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* ngarandapan rupaning masalah psikologis ku sabab ayana tingkah laku tokoh pikeun ngahontal udaganana atawa nyumponan pangabutuh dirina (kapribadian humanistik); jeung

- 3) salian ti tokoh utama, tokoh séjénna dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* miboga kahayang ogé dina nyumponan pangabutuhna séwang-séwang (kapribadian humanistik).

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana?
- 2) Kumaha kapribadian humanistik tokoh-tokoh nu aya dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun struktur dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana jeung psikologi tokohna.

1.3.2 Tujuan Khusus

Dumasar kana tujuan umum, ieu panalungtikan miboga tujuan khusus, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun

- 1) struktur carita dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita; sarta
- 2) psikologi kapribadian humanistik tokoh-tokoh nu aya dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana anu ngawengku kana lima pangabutuh dasar manusa.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngajembaran jeung mekarkeun pangaweruh dina kasusastraan Sunda, hususna dina élmu struktural jeung psikologi humanistik nu aya dina karya sastra prosa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik, mahasiswa, siswa, guru, jeung masarakat.

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngajembaran élmu dina widang kasusastraan, hususna ngeunaan struktural jeung psikologi kapribadian humanistik.
- 2) Pikeun mahasiswa, hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina mata kuliah nu aya patalina jeung widang kasusastraan sarta dina panalungtikan ilmiah anu rék dilaksanakeun.
- 3) Pikeun guru, hasil panalungtikan bisa jadi référénsi dina kagiatan pangajaran sastra, hususna dina pangajaran novél Sunda.
- 4) Pikeun siswa, hasil panalungtikan bisa mantuan siswa dina maham karya sastra Sunda.
- 5) Pikeun masarakat, hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan sastra Sunda tur psikologi sastrana dina kapribadian humanistik tokoh nu bisa jadi eunteung pikeun kahirupan.
- 6) Pikeun panalungtik satuluyna, hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh tur bisa dijadikeun sumber référénsi atawa pangdeudeul dina studi literatur.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, dibagi jadi lima bab nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun patali jeung karya sastra roman, tiori struktural Robert Stanton nu ngawengku téma carita, fakta carita jeung sarana sastra, sarta tiori psikologi kapribadian humanistik Abraham Maslow nu ngawengku kana lima pangabutuh dasar manusa (fisiologis, rasa aman, rasa cinta (mibanda-dipibanda), harga diri, jeung aktualisasi diri), panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan nu ngawengku instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data, sarta prosedur panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil jeung pedaran ngeunaan stuktur carita jeung psikologi kapribadian humanistik tokoh dina roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* karya Joehana.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun nu maca.